



# *Byenwini*

## **Nicholas Scoppetta Children's Center**

**492 1st Avenue  
New York, NY  
646-935-1411**

**Operasyon Children's Center  
Komisè David Hansell  
Komisè Adjwen Winette Saunders  
Komisè Asosye Rebecca Chew, Esq.**



## Byenvini nan Children's Center

Children's Center se yon kote ki garanti pou timoun yo ap plase nan fanmi akèy. Nou konprann se kapab yon moman difisil pou ou. Nou la pou ba ou sipò.

### Kisa ki Pase Lè Ou Rive nan Children's Center?

**Pèsonèl akèy** la ap pran enfòmasyon nan men Espesyalis Pwoteksyon Timoun (Child Protective Specialist, CPS) ou an, nan men Lapolis oswa Planifikatè Ajans Fanmi Akèy ou a pou li konnen rezon ki fè yo ap plase ou nan fanmi akèy.

Yon **Espesyalis Angajman** ap akeyi ou lè ou rive nan Children's Center pou ede ou reponn a bezwen ou.

Ou ap wè yon **Enfimyè** pou verifye eta sante ou. Gen enfimyè nan Children's Center pou ede ou 24 sou 24, 7 jou sou 7.

Yon **Espesyalis Timoun ak Fanmi / Travayè Sosyal** ap fè w pase yon entèvyou pou detèmine tip swen ou bezwen. Nou kapab oryante ou pou al jwenn yon Konseye Safe Horizon, Ekip Sante Mantal la, yon Konseye pou moun ki gen pwoblèm Dwòg oubyen Alkòl (Substance Abuse Counselor, CASAC), oswa yon Espesyalis nan Edikasyon (Educational Specialist, ES); epi antre an relasyon avèk yon **Defansè Jèn** pou ou jwenn plis èd.


Nou ap ofri ou yon modil an fonksyon laj ou ak idantite seksyèl ou (gadri, preyadolesan gason/fi, adolesan gason/fi). Modil yo se dètwa an gwoup. **Pèsonèl Gadri** a disponib 24 sou 24, 7 jou sou 7 pou ofri ou sipò epi reponn tout kesyon.

### Kikote Yo Ap Mennen Mwenn Lè Mwen Soti Isit la?

Biwo Administrasyon Plasman (Office of Placement Administration, OPA) an ap travay pou li jwenn yon plasman ki reponn a bezwen patikilye ou yo lè li:

- Mete ou an kontak ak fanmi ou apati sèvis parante nou yo. Ou kapab ede nou lè ou pale nou de fanmi oswa zanmi kote ou ta renmen rete, tankou yon grann, matant, tonton oswa kouzen/kouzin.
- Nou ap antre an kontak ak plizyè òganis pou nou konnen si pwogram yo a reponn a bezwen ou.
- Ou ap gen posibilite pou ou poze kesyon epi pran ransèyman sou kad plasman nou anvizaje pou ou a.

**Transpò.** Gen bis ak kamyonèt pou mennen ou lekòl, nan tribinal ak nan randevou doktè. Pèsonèl la ap akonpaye ou pou asire sekirite ou.



**PYEBWA KOMINOTÈ NOU AN**

**Pwogramasyon.** Gen aktivite rekreyatif ak edikatif pou laj ou, pwogram byennèt ak plizyè sòti amizan andeyò sit la. Adolesan ki kalifye kapab jwenn posibilite pou resevwa yon Lesevwa Kominotè pou vizit andeyò Children’s Center.

**Repa.** Politik Byennèt nan Children’s Center asire ou ap resevwa sèvis epi ou ap jwenn aksè nan manje ki bon pou sante, ak plis posibilite pou fè aktivite fizik pandan tout jounen an. Kopi Politik Byennèt la disponib depi ou fè demand la.

**Vizit Fanmi ak Frè ak Sè.** Nou ap ba ou posibilite pou ou pase tan ak frè ou ak/oswa sè ou. Fanmi ou, avoka ou oswa travayè sosyal ou kapab rann ou vizit isit la oswa nan telefòn, apati tchat videyo oswa yon kote ki lwen Children’s Center.

**Sekirite.** Nou vle asire sekirite ou! Gen Ajan Lapè ACS sou sit la pou asire pwoteksyon ou.

## Sa ou Kapab Fè Pandan Ou Ap Tann Plasman Ou An?

- Suiv règ pwogram Children’s Center yo.
- Rete pasyan. Nou ap travay pou jwenn yon plasman pou ou.
- Poze yon granmoun kesyon ou yo epi mande li ede ou nenpòt ki lè.

Pandan tan ou ap pase nan Children’s Center, nou atann ni ou menm ni ekip sipò ou a ap **REACH** youn lòt:

**R – Respect (Respè)**

**E – Empathize/Encourage (Montre Konpasyon/Ankouraje)**

**A – Aspire for greatness (Gen gran vizyon)**

**C – Communicate (Kominike)**

**H – Hope (Espwa)**

### Règ ak enstriksyon pou ou suiv yo se:

1. Respekte espas pèsònèl
2. Pa neglije ijèn pèsònèl
3. Suiv enstriksyon
4. Respekte pèsònèl la ak lòt rezidan yo

**ZÒN  
ZEWO  
TOLERANS**

**PA Goumen**

**PA Detwi pwopriyete**

**PA Vòlè**

**PA Entimide moun**

**PA fè agresyon sou pèsònèl  
la ak/oswa sou lòt rezidan yo**

**PA antre nan Kontrebann  
(paregzanp itilize dwòg,  
zam, rad ki lye ak gang)**

# Avoka pou Timoun an:

## Kilès Avoka pou Timoun nan (Attorney for the Child, AFC) ye?

- (AFC) se yon avoka espesifik ki gen fòmasyon ak kalifikasyon espesyal ki reprezante OU nan tribinal.
- Leta angaje li epi li pa travay pou okenn lòt moun apa OU MENM.
- Se responsablite li pou li pale nan non OU aprè yo fin egzamine swè OU yo ak anpil atansyon.

## Kilè yo angaje yon AFC?

- Yo akize yon paran oswa yon reponsab pou abi ak/oswa neglijan.
- Yon paran oswa yon reponsab vle gen gad timoun nan oswa li vle jwenn dwa vizit.
- Yon paran oswa yon reponsab plase ou nan fanmi akèy.
- Timoun ki poko gen 18tan ki an difikilte oswa ki bezwen plis siveyans.

## Rezime Responsablite AFC

- Li kòmanse reprezante OU kou tribinal la mete li sou dosye ou a.
- Li rankontre OU avan yon odyans nan tribinal.
- Li reprezante OU nan tout pwosedi jidisyè epi li patisipe aktivman nan non OU.
- Li kontinye rankontre OU regilyèman epi li rete an komunikasyon ak ou.
- Li egzamine dokiman ou yo ak antesedan ou yo epi li pale ak moun OU sou kont yo a.
- Li egzamine tout opsyon ou gen devan OU yo.
- Li rete a dispozisyon OU.

# Kesyon Yo Poze Souvan

## **Akisa mwen dwe atann mwen?**

Atann ou AFC ou a ap fè travay li. Yo ap eseye konnen ou epi konnen lavi ou yon ti kras pou yo kapab ede ou pran pi bon desizyon yo.

## **Kisa AFC ap atann de mwen?**

Yo ap atann yo ou ouvè avèk yo epi ou onèt epi ou prè pou ou ba yo posiblite pou yo ede ou.

## **Èske AFC mwen an ap rakonte moun sa nou diskite?**

Tout sa ou pale ak AFC ou a dwe konfidansyèl, sof si ou ap fè tèt ou ditò oswa ou ap fè lòt moun tò, si ou gen entansyon fè tèt ou oswa yon fè lòt moun ditò, oswa si yon moun ap fè ou tò oswa si li ap fè yon lòt moun ditò.

## **Èske AFC mwen an kapab patisipe nan egzamen plan sèvis?**

AFC ou a DWE jwenn envitasyon pou li patisipe ladan yo.

## **Èske mwen kapab ale nan tribinal?**

# Kesyon Yo Poze Souvan

Diskite ak AFC ou a pou ou konnen si ou dwe ale epi nan ki sikonstans ou kapab ale.

## E si mwen se yon jèn ki nan kategori Delenkan Jivenil/Moun ki Bezwen Sipèvizyon?

AFC ou a se avoka ladefans ou.

## Kisa Ou Kapab Fè si Ou Estime Yo Pa Respekte Dwa Ou yo?

Pale sa ak yon pèsonèl Children's Center Child Care oswa yon Espesyalis Timoun ak Fanmi (Child and Family Specialist, CFS).

## Glosè Tèm ki Repete Souvan

**Defansè:** Yon moun ki pale oswa ki ekri pou sipòte oswa defann yon moun oswa yon koz.

**Tribinal penal:** Tribinal ki trete afè penal ki enplike aksyon ilegal.

**Gad legal:** Pozisyon kote ou responsab yon moun legalman.

**Tribinal fanmi:** Tribinal ki trete kesyon konsènan fanmi, jèn, ak timoun.

**Fanmi akèy:** Yon kote pou jèn yo viv pandan yo ap resevwa swen epi fanmi yo ap resevwa sipò yo bezwen. Objektif la se ofri yo yon fwaye an sekirite epi asire byennèt yo lè paran yo pa kapab ofri yo sa.

**JD (Delenkan Jivenil):** Yon jèn ant 7 a 18 lane ki komèt yon zak kriminèl. Yo kapab plase yo nan fanmi akèy.

**Dechaj tanporè:** Yon peryòd (omwen 6 mwa) kote yon jèn ki nan fanmi akèy ap viv poukont li oswa avèk yon paran, yon paran oswa yon lòt resous pèmanan pou granmoun avan liberasyon definitiv li.

**Plan vizit:** Yon plan pou jèn yo plase nan fanmi akèy kapab wè fanmi yo, ak konbyen fwa sa kapab fèt, konbyen tan sa kapab dire, ak kote sa kapab fèt ak opòtinite pou yo sipèvizite vizit yo.



# Deklarasyon Dwa

## 1. Dwa pou ou viv nan yon fwaye an bon kondisyon epi an tout sekirite

Ou gen dwa pou ou viv nan yon fwaye an tout sekirite epi pou pensonn pa eksplwate ou, ni paran, paran akèy, pèsònèl fwaye an gwoup yo, oswa titè ka ou a. Ou gen dwa pou ou manje epi pou ou jwenn rad ki an bon kondisyon epi ki apwopriye.

## 2. Dwa pou yo trete ou san fòskote epi ak respè

Ou gen dwa pou yo trete ou san fòskote epi san diskriminasyon akòz sèks ou, ras ou, relijyon ou, oryantasyon seksyèl ou oswa sante mantal oswa fizik ou. Yo pa kapab fè ou enjistis jis paske ou nan fanmi akèy!

## 3. Dwa pou ou rann paran ou vizit epi pou ou viv ak pitit ou

Ou gen dwa pou ou vizite manm fanmi ou, frè ak sè ou, paran ou, ak grann ak granpè ou si tribinal la jije li apwopriye. Ou gen dwa pou ou wè pwòp pitit ou epi pou ou viv ak yo chak fwa sa posib, ak dwa pou ou fè chwa pou pwòp pitit ou si tribinal la jije li apwopriye.

## 4. Dwa pou ou viv ak frè ak sè ou oswa pou ou vizite yo

Ou gen dwa pou ou viv ak frè ak sè ou si sa posib epi, si sa pa posib, ou gen dwa pou ou vizite yo si yo jije li apwopriye, epi si pa gen okenn obstak ki anpeche sa.

## 5. Dwa pou ou konnen kowòdone moun ki travay nan konte ou a

Ou gen dwa pou ou konnen avoka ou a, travayè sosyal ou a, ak sipèvizè travayè sosyal ou a. Ou gen dwa pou ou wè travayè sosyal ou a omwen yon (1) fwa pa mwa ak dwa pou ou pale an prive ak travayè sosyal ou a, avoka, ak/oswa sipèvizè travayè sosyal ou a an prive. Ou gen dwa pou enfòmasyon pèsònèl ou yo rete prive epi pou yo pataje sèlman ak moun ki gen dwa legalman pou wè yo.

## 6. Dwa pou yo pa pini ou ak mekanste epi san rezon

Ou gen dwa pou yo pa pini ou ak mekanste epi san rezon, tankou kou fizik, brimad oswa izole ou lwen lòt moun, pou site sa yo sèlman. Pensonn pa kapab refize yo ba w manje, dlo, oswa anpeche w dòmi. Pensonn pa kapab refize ou dwa pou ou wè fanmi ou kòm yon fòm pinisyon. Yo pa kapab sanksyone w ak mezi disiplinè ki enjis, epi ou dwe konnen rezon ki fè yo mete sanksyone w ak mezi disiplinè a.

# Deklarasyon Dwa

## 7. Dwa pou ou di sa w panse nan objektif pèmanans ou yo

Ou gen dwa pou di sa w panse konsènan avni ou epi pou ou fè tribinal la teni kont de sa w vle. Selon laj ou, ou kapab gen dwa pou ou patisipe nan odyans konsènan pèmanans ou an. Ou kapab gen dwa pou ou rete an kontak ak travayè sosyal ou a aprè ou fin kite gad la tou.

## 8. Dwa pou ou resevwa sèvis medikal, dantè, vizyèl, sante mantal ak konpòtmantal regilyèman

Ou gen dwa pou ou resevwa swen medikal regilyèman pou sante dantè, vizyèl, sante mantal ak konpòtmantal. Ou gen dwa pou yo enfòmè ou sou pratik seksyèl nan bon kondisyon epi an sekirite ak sante repwodiktif. Ou gen dwa, aprè ou fin gen 18 lane, pou ou resevwa batistè ou, kat sekirite sosyal ou, dosye medikal ou ak yon pyès idantite leta bay.

## 9. Dwa pou ou resevwa yon edikasyon jiskaske ou resevwa yon diplòm HSE oswa yon diplòm fen etid segondè

Ou gen dwa pou ou resevwa yon edikasyon gratis epi apwopriye jiskaske ou resevwa yon diplòm fen etid segondè oswa yon diplòm HSE. Ou gen dwa tou pou ou mande èd pou ou enskri nan yon etablisman ansèyman siperyè ak nan pwogram fòmasyon pwofesyonèl ki nan Eta ou a oswa aletranje.

## 10. Dwa pou ou patisipe nan aktivite ki adapte ak laj ou

Ou gen dwa pou ou patisipe nan aktivite ki adapte ak laj ou, tankou aktivite aprè lekòl, aktivite ete ak estaj travay, epi pou ou pratike yon relijyon si ou gen youn. Lè ou vin gen 16 lane, ou gen dwa pou ou aplike pou pèmi kondui ou epi pou ou resevwa konsèy pou jwenn yon travay.

---

## Kisa Ou Kapab Fè si Ou Estime Yo Pa Respekte Dwa Ou yo

Ou gen dwa pou ou denonse nenpòt moun ki pa respekte dwa ou, epi yo pa kapab pini ou paske ou denonse yo.

- Rapòte sa bay yon pèsònèl Children's Center Child Care oswa yon pèsònèl Espesyalis Timoun ak Fanmi (Child and Family Specialist, CFS).
- Pale sa ak travayè sosyal ou a oswa sipèvizè yo a. Ou kapab mande pou ou pale ak yo an prive.
- Pale sa ak avoka ou. Yo pa kapab pataje sa ou pale ak yo ak lòt moun, sof si ou bay pèmisyon pou sa oswa si sekirite ou an menase.

# Objektif, Misyon, Vizyon ak Valè Children's Center

## Objektif:

Nou kwè chak timoun merite sekirite, bonè, sante ak lanmou nan swen nou ap ba yo, kèlkeswa kantite tan yo ap pase ak nou.

## Deklarasyon konsènan Misyon nou:

Ofri yon anviwònman vi tanporè ki pa pote jijman, ki ankourajan, ki atansyone epi estriktire ki fè efò pou geri twomatis pase ak prezan.

## Vizyon:

Nou ap prepare timoun ak jèn pou tranzisyon nan plasman an oswa pou yo jwenn pèmanans aprè tan yo fin pase nan Children's Center.

## Valè nou defann pandan nou ap pran swen jèn nou yo:

1. Akseptasyon
2. Konpasyon
3. Respè
4. Egalite
5. Kwasans, edikasyon ak devlopman
6. Ankouraje lanmou pwòp (estim de swa)
7. Prezèvasyon idantite pèsonèl
8. Tolerans

## Valè nou defann nan travay nou:

1. Travay ann ekip
2. Responsablite
3. Devlopman pwofesyonèl
4. Liy komunikasyon ouvè
5. Konpasyon ak Konpreyansyon

Non Mwen:

Jesyonè Dosye  
Mwen an:

Avoka Mwen an:

CFS Mwen an:

REMAK: